



Pou Piblikasyon Imedya: 29/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON AK FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYISANS NAN LAPOLIS ETA A POU ANKETE SOU ZAK KOUT KOUTO NAN SINAGÒG NAN KONTE ROCKLAND**

"Mwen choke anpil akòz plizyè moun yo bay kout kouto nan yon sinagòg nan konte Rockland aswè a — dènye a nan yon seri atak kont manm kominote Jwif yo nan New York semèn sa a. Nan non fanmi New York, senpati mwen ale jwenn viktim yo e m ap priye pou retablisman konplè yo.

Se te yon zak meprizab ak lach e mwen bay enstriksyon ak fòs entèvansyon kont krim rayisans nan Lapolis Eta a pou ankete touswit epi itilize tout zouti ki disponib pou kenbe agresè a responsab nan tout mezi lalwa pèmèt. Lapolis Eta a aktyèlman sou sèn lan ap ede fòs lokal ki pou fè aplike lalwa.

Ban mwen klè: nenpòt kalite antisemit ak entolerans se bagay ki degoutan pou valè enklizyon nou yo ak divèsite epi nou p ap tolere ditou zak rayisans sa yo. Nan new York n ap toujou kanpe epi ap di ak yon sèl vwa bay tout moun ki vle divize ak gaye laperèz: ou pa reprezante New York epi aksyon ou yo p ap rete san pinisyon".

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)